QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ





# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*2021- jıl yanvar-noyabr*

(dáslepki maǵlıwmat)



**Sanaat statistikası bólimi**
**Tel.: 61-222-75-87**

## Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*(2021- jıl yanvar-noyabr aylarında)*

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2021- jıldıń yanvar-noyabr aylarında respublika kárxanaları tárepinen 14806,3 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 106,1 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi (85,3 %) ti quradı.

| | B | C | D | E |
|---|---|---|---|---|
| Úles | 0,8 % | 85,3 % | 13,3 % | 0,6% |
| | *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew* | *Islep shıǵaratuǵın sanaat* | *Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw* | *Suw menen támiyinlew; kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw.* |

### Tiykarǵı ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw, FKI* *% te*

| | *2020- jıl yanvar-noyabr* | *2021- jıl yanvar-noyabr* |
|---|---|---|
| B | 17,3 % | 8,2 % |
| C | 106,9 % | 110,0 % |
| D | 137,0 % | 144,3 % |
| E | 67,7 % | 85,0 % |

* **Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi** *islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.*

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 10,0 % ke hámde elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw – 44,3 % ke ósiwine xızmet etti.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

**Yanvar - noyabr**

2021- jıl
111,9 mlrd. sum

2021- jıl
8,2 %

2020- jıl
116,6 mlrd. sum

2020- jıl
17,3 %

2019- jıl
117,6 mlrd. sum

2019- jıl
104,7 %

B

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2021-jıldıń yanvar-noyabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 111,9 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,8 % tin quradı.

**Jami sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, % te**

2020- jıl
B
1,0 %

2021- jıl
B
0,8 %

Yanvar - noyabr

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, *% te*




| Sanaat ónimleri | 2020- jıl yanvar-noyabr | 2021- jıl yanvar-noyabr | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| **Hák tas, mıń t.** | 220,9 | 143,2 | -77,7 |







| Sanaat ónimleri | 2020- jıl yanvar-noyabr | 2021- jıl yanvar-noyabr | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| **Tabiyiy gaz, mln. kub.m.** | 2447,2 | 1803,1 | -644,1 |
| **Gaz kondensatı, mıń t.** | 100,7 | 81,7 | -19,0 |

## Islep shıǵaratuǵın sanaat




2021- jıldıń yanvar-noyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 12630,3 mlrd. sumdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 85,3 % tin quradı.

**2020-jıl yanvar-noyabr** 87,3 %

**2021-jıl yanvar-noyabr** 85,3 %

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 1,2 % ti (2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarında – 1,5 %), orta-joqarı texnologiyalı – 62,7 % (62,0 %), orta-pás texnologiyalı 4,4 % (4,5 %) hám pás texnologiyalısı – 31,7 % (32,0 %) ti quradı.



*Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyumlarini islep shıǵarıwdıń úlesi – 53,5 % (2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 113,7 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 13,3 % (2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 97,1 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 12,3 % (2020- jıldıń yanvar- noyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 107,8 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 2,7 % (2020- jıldıń yanvar- noyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 99,2 %) quradı.*

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti
***Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda,** % te*

### Araq



### Paxta shigitii



### Cement



### Ósimlik mayı (tazalanǵan)



### Iydirilgen jip



### Jumsaq biyday hám spelta unı


2021- jıldıń yanvar-noyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 3703,0 mıń litr araq (2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarına salıstırǵanda 15,2 % ke ósken), 12,4 mıń tonna paxtadan iyirilgen jip (5,0 %) islep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge 81,0 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (4,9 %), 239,4 mıń tonna portlandcement (7,8 %), 48,5 mıń tonna paxta shigiti (27,0 %), 5,7 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (43,1 %) hám 2,5 mıń tonna tazalanǵan gúrish (62,1 %) islep shıǵarılıp, ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2020- jıl yanvar-noyabr | 2021- jıl yanvar-noyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| | | | |
| **Araq, *mıń litr 100 % li spirt*** | 3213,7 | 3703,0 | 489,3 |
| **Polietilen, *mıń t.*** | 320,7 | 276,7 | -44,0 |
| **Polipropilen, *mıń t.*** | 89,0 | 78,7 | -10,3 |
| **Jumsaq biyday hám spelta unı, *mıń t.*** | 85,2 | 81,0 | -4,2 |
| **Paxta talası, *mıń t.*** | 36,6 | 31,3 | -5,3 |
| **Ósimlik mayı (tazalanǵan), *mıń t.*** | 10,1 | 5,7 | -4,4 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

*2020- jıldıń yanvar-noyabr ayları juwmaǵına kóre ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 53,3 % ti quraǵan, fizikalıq kólemi indeksi bolsa 105,1 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2021- jıldıń yanvar-noyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 53,3 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 113,4 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 7846,4 mlrd. sumdı quradı.*




## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 3,1 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 103,0 % ke quraǵan bolsa, 2021- jıldıń yanvar-noyabr ayları juwmaǵına kóre, basqa metall emes mineral ónimlererin islep shıǵarıwdıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 2,7 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 0,8 % ke páseydi hám islep shıǵarıw kólemi 395,9 mlrd. sumdı quradı.*

## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 14,0 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 105,7 % ti quraǵan bolsa, 2021- jıldıń yanvar-noyabr ayları juwmaǵına kóre, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 12,3 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 4,2 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 1815,6 mlrd. sumdı quradı.*



## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,1 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 76,0 % ti quraǵan bolsa, 2021- jıldıń yanvar-noyabr ayları juwmaǵına kóre, ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,1 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 110,1 % ti hám islep shıǵarıw kólemi 160,8 mlrd. sumdı quradı.*




## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2020- jıldıń yanvar-noyabr aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 10,6 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólemi indeksi 136,8 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2021- jıldıń yanvar-noyabr aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 11,5 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólemi indeksi 11,6 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 1708,8 mlrd. sumdı quradı.*

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

*2020- jıldıń yanvar-noyabr ayları juwmaǵına kóre, kiyim islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 1,0 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 103,5 % ti quraǵan bolsa, 2021- jıldıń yanvar-noyabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 0,8 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 83,9 % ti, islep shıǵarıw kólemi 111,8 mlrd. sumdı quradı.*



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 1975,4 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 13,3 % tin) quradı.

2021- jıldıń yanvar-noyabr aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 44,3 % ke óskenligi gúzetildi.




## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2020- jıl yanvar-noyabr | 2021- jıl yanvar-noyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Elektroenergiya,** *mln.kVt.s* | 3884,7 | 4656,7 | 772,0 |
| **Issılıq energiyası,** *mıń gkal* | 32,6 | 52,3 | 19,7 |
| **Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** *mlrd. sum* | 74521,3 | 95102,6 | 20581,3 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 88,7 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,6 % tin) quradı.




### Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2020- jıl yanvar-noyabr | 2021- jıl yanvar-noyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aqava suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 5573,2 | 7175,4 | 1602,2 |
| Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 11266,8 | 14790,8 | 3524,0 |
| Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 38964,4 | 57302,5 | 20338,1 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda suwǵa islew beriw hám trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler–47,1 % ke, aqava suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler–28,7 % ke, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler–31,3 % ke óskenligi gúzetildi.

# Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

*Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 2594,0 mlrd. sumdı quradı hám 2020-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 6,3 % ke ósken halda, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 17,5 % ti quradı.*

## Azıq-awqat ónimleri

| 2020- jıl yanvar-noyabr | 2021- jıl yanvar-noyabr |
|---|---|
| 60,4 % | 58,8 % |

## Aziq-awqat emes ónimler

| 2020- jıl yanvar-noyabr | 2021- jıl yanvar-noyabr |
|---|---|
| 39,6 % | 41,2 % |

*Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw quramında vino hám araq ónimleri hám pivo 6,0 % (2020- jıl yanvar-noyabr aylarında 5,4 %) ti quradı.*

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 21,8 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 11,6 % ti, Tórtkúl rayonı 8,5 % ti, Ellikqala rayonları 7,6 % ti, Beruniy rayonı 7,0 % ti, Ámiwdárya rayonı 6,8 % ti, Qońırat rayonı 6,2 % ti hám Xojeli rayonı 6,0 % ti quradı.*

*Sonday-aq, tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim páti respublika ósim páti (106,3 %) darejesinen joqarı kórsetkish Kegeyli (128,8 %), Ellikqala (122,3 %), Bozataw (119,6 %), Shımbay (113,8 %), Taxtakópir (113,4 %), Tórtkúl (113,0 %), Beruniy (111,8 %), Qaraózek (108,1 %) hámde Ámiwdárya (107,3 %), rayonlarında quradı.*

## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 21,8 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 11,6 % ti, Tórtkúl rayonı 8,5 % ti, Ellikqala rayonları 7,6 % ti, Beruniy rayonı 7,0 % ti, Ámiwdárya rayonı 6,8 % ti quradı.*




**2076,9** mlrd. sum
*2019- jıl yanvar- noyabr*

**2411,0** mlrd. sum
*2020- jıl yanvar- noyabr*

**2594,0** mlrd. sum
*2021- jıl yanvar- noyabr*




Jami sanaat islep shıǵariw kóleminde tutınıw ónimleriń úlesi

**2019- jıl** — 107,0 %

**2020- jıl** — 107,5 %

**2021- jıl** — 106,3 %

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına 26,4 % ti tuwrı kelip, sonday aq, Ellikqala rayonı 11,4 % ti, Shomanay rayonı 10,0 % ti, Ámiwdárya rayonı 9,0 % ti, Tórtkúl rayonı 6,7 % ti, Qońırat rayonı 6,6 % ti quradı.

**865,1** mlrd. sum
*2019- jıl yanvar- noyabr*

**938,0** mlrd. sum
*2020- jıl yanvar- noyabr*

**1068,3** mlrd. sum
*2021- jıl yanvar- noyabr*




Jami tutınıw ónimleriń islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat emes ónimleriń úlesi

01 — 2019- jıl — 104,7 %

02 — 2020- jıl — 105,5 %

03 — 2021- jıl — 110,7 %



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalasına tuwrı kelip 18,6 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 17,8 % ti, Tórtkúl rayonı 9,7 % ti, Beruniy rayonı 7,6 % ti, Taxtakópir rayonı 6,0 % ti, Qońırat rayonı 5,9 % ti hámde Xojeli rayonı 5,9 % ti quradı.












## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 54,9 % ti), Taqıyatas (13,7 %), Qońırat (4,4 %), Ámiwdárya (3,2 %), Tórtkúl (3,0 %) hám Beruniy (2,7 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2019- jıl** – 11065,9 mlrd. sum

**2020- jıl** – 12254,8 mlrd. sum

**2021- jıl** – 14806,3 mlrd. sum



**2019- jıl** – 103,3 %

**2020- jıl** – 104,6 %

**2021- jıl** – 106,1 %

| | FKI, % te | mlrd. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 112,4 | 475,3 |
| Beruniy | 110,8 | 394,9 |
| Bozataw | 115,8 | 117,7 |
| Qanlikól | 112,7 | 284,7 |
| Qaraózek | 97,0 | 294,0 |
| Kegeyli | 90,0 | 253,7 |
| Qońırat | 107,6 | 649,0 |
| Moynaq | 112,5 | 175,9 |
| Nókis r. | 100,1 | 256,1 |
| Taqıyatas | 123,8 | 2034,3 |
| Taxtakópir | 102,6 | 187,8 |
| Tórtkúl | 109,5 | 436,5 |
| Xojeli | 87,0 | 343,5 |
| Shımbay | 118,0 | 240,6 |
| Shomanay | 108,6 | 155,5 |
| Ellikqala | 107,6 | 371,2 |
| Nókis qalası | 108,1 | 8135,6 |

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimleri hám tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (24982,6 mıń sum), Taqıyatas (27165,2 mıń sum) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (7665,3 mıń sum) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.

| | ósim pátı | mıń. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 111,0 | 2 346,7 |
| Beruniy | 109,1 | 2 020,1 |
| Bozataw | 115,0 | 5 408,3 |
| Qanlikól | 121,1 | 5484,1 |
| Qaraózek | 96,3 | 5511,7 |
| Kegeyli | 89,4 | 3460,9 |
| Qońırat | 106,5 | 4919,8 |
| Moynaq | 110,6 | 5404,2 |
| Nókis r. | 98,5 | 4986,7 |
| Taqıyatas | 122,6 | 27165,2 |
| Taxtakópir | 102,1 | 4642,6 |
| Tórtkúl | 107,8 | 1994,5 |
| Xojeli | 86,1 | 2755,8 |
| Shımbay | 117,3 | 2120,9 |
| Shomanay | 107,8 | 2743,9 |
| Ellikqala | 105,8 | 2279,7 |
| Nókis qalası | 106,6 | 24982,6 |

ósim pátı

mıń. sum

### Qaraqalpaqstan Respublikası

2019- jıl
5886,7 mıń sum

2020- jıl
6424,9 mıń sum

2021- jıl
7665,3 mıń sum



01 2019- jıl 103,0 %

02 2020- jıl 101,8 %

03 2021- jıl 104,7 %

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimleri hám tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 1342,9 mıń sum bolǵanda Taqıyatas rayonında 4026,1 mıń sumdı, Taxtako'pir rayonında 2760,9 mıń sumdı Shomanay rayonında 2427,1 mıń sumdı hám Nókis qalasında 1738,4 mıń sumdı quradı.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2019- jıl** — 1193,0 mıń sum

**2020- jıl** — 1278,8 mıń sum

**2021- jıl** — 1342,9 mıń sum



**2019- jıl** — 105,5 %

**2020- jıl** — 105,9 %

**2021- jıl** — 104,9 %

| | ósim pátı | mıń. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 105,9 | 875,4 |
| Beruniy | 110,1 | 932,8 |
| Bozataw | 118,7 | 606,9 |
| Qanlikól | 100,5 | 628,0 |
| Qaraózek | 107,3 | 1247,3 |
| Kegeyli | 127,9 | 733,7 |
| Qońırat | 99,1 | 1215,4 |
| Moynaq | 99,3 | 1141,8 |
| Nókis r. | 98,5 | 908,1 |
| Taqıyatas | 106,6 | 4026,1 |
| Taxtakópir | 112,9 | 2760,9 |
| Tórtkúl | 111,2 | 1001,6 |
| Xojeli | 81,5 | 1257,9 |
| Shımbay | 113,1 | 1191,2 |
| Shomanay | 99,5 | 2427,1 |
| Ellikqala | 120,2 | 1204,1 |
| Nókis qalası | 103,1 | 1738,4 |

## Respublikada hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3182 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, sonnan 1552 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 48,7 %) Nókis qalasına 661 (20,8 %), Tórtkúl rayonına 316 (9,9), Ámiwdárya rayonına 294 (9,2 %) Beruniy rayonına 281 (8,8 %) tuwrı kelmekte.




### Jańadan ashılǵan kárxanalar

- 2019- jıl — 703 dana
- 2020- jıl — 741 dana
- 2021- jıl — 722 dana



### Hárekettegi kárxanalar

- 2019- jıl — 2308 dana
- 2020- jıl — 2874 dana
- 2021- jıl — 3182 dana